МИНИСТЕРСТВО ЭКОЛОГИИ, ОХРАНЫ ОКРУЖАЮЩЕЙ СРЕДЫ И ИЗМЕНЕНИЯ КЛИМАТА

GGGI

KOICA



Қарақалпақстан Республикасында

# АЛМА, ЕРИК ҲӘМ АЛМУРТ ӨНИМЛЕРИНИҢ ҚОСЫМША ҚУН ШЫНЖЫРЫ АНАЛИЗИ



GGGI Uzbekistan. Аналитикалық мағлыўмат 4. Арал теңизи апатшылығы ақыбетлерин сапластырыўға бағдарланған Қарақалпақстан Республикасын жасыл реабилитациялаў инвестиция жойбары (Aral Sea GRIP)

ИЮЛЬ 2022

## GGGI ӨЗБЕКСТАНДАҒЫ АНАЛИТИКАЛЫҚ МАҒЛЫЎМАТ СЕРИЯСЫ

1. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Аўыл Хожалығының Ҳуқықый ҳәм Сиясий Базалық Шолыўы (2022)
2. Қарақалпақстан Республикасында Помидор & Қыяр Қосымша Қун Шынжыры Анализи (2022)
3. Қарақалпақстан Республикасында Қаўын & Ғарбыз Қосымша Қун шынжыры Анализи (2022)
4. Қарақалпақстан Республикасында Алма, Ерик & Алмурт Қосымша Қун Шынжыры Анализи (2022)

Бул Аналитикалық Мағлыўмат GGGI тәжирийбеси менен талабына негизленген. GGGI Өзбекстан «жасыл» өсиўди илгерлетиў жолларын излеў бойынша жумыс процессинде алынған жаңа мағлыўматлардан қосымша Аналитикалық Мағлыўмат шығарады.

Copyright © 2022

Global Green Growth Institute
7, Bunyodkor av., 100043
Tashkent
Republic of Uzbekistan

Бул қысқаша мағлыўмат Корея халықаралық бирге ислесиў агентлиги (KOICA) тәрепинен қаржыландырылған ҳәм Глобал Жасыл Өсиў Институтының (GGGI) биргеликтеги қаржылай жәрдеми арқалы әмелге асырылып атырған «Арал теңизи апатшылығы ақыбетлерин сапластырыўға бағдарланған Қарақалпақстан Республикасын жасыл реабилитациялаў инвестиция жойбары» (Арал теңизи GRIP жойбары) шеңберинде ислеп шығылған.

БАС АВТОР: Juan Jose Robalino (GGGI)

УЛЕС ҚОСҚАН АВТРОРЛАР: Aaron Russell (GGGI), Jinha Kim (GGGI), Jack Bathe (GGGI) & Saltanat Kallibekova (GGGI)

ЭКСПЕРТЛИК ШОЛЫЎ: Azat Tileumuratov (GGGI), Bakhitbay Aybergenov (GGGI), Shin Dong-Hyun (Green Asia Network), HyoSeon Yang (Green Asia Network), Jooyoung Yoo (Human Asia), Bakhtiyor Pulatov (ICSD IFAS), Jakhongir Talipov (SCEEP), Bobur Makhmudov (SCEEP), Javokhir Abdukhalikov (SCEEP), Anvar Tursunaliyev (SCEEP), and the ISCAD expert group.

СУЎРЕТ КРЕДИТЛЕР: Juan Robalino (GGGI) & Nora Heinonen (GGGI)

БАЯНАТ:
Глобал Жасыл Өсиў Институты анық нәзерде тутылған кепиллик бермейди ҳәм үшинши шахс тәрепинен мағлыўмат, әсбап-үскенелер, өним ямаса процесстиң туўрылығы, толықлығы, пайдаланыўы нәтийжелери ушын ҳеш қандай нызамлы жуўапкершиликти өз мойнына алмайды. Бул жерде әмелдеги болған мағлыўматларды жарыялайды ҳәм одан пайдаланыў ҳеш қандай мүлкшилик ҳуқықларды бузбаўын аңлатады. Бул жерде билдирилген авторлардың қараўлары ҳәм пикирлери Глобал Жасыл Өсиў институты көзқарасын көрсетпейди.

УСЫНЫС ЕТИЛГЕН ЦИТАТА:
J.J. Robalino, A.J.M. Russell, Kim, & J., Bathe, J. (2022) Apple, Apricot & Pear Value Chain Analysis in the Republic of Karakalpakstan, Global Green Growth Institute (GGGI), Seoul, South Korea.

# Мақсети

Бул қысқаша мағлыўмат ҳүжжетиниң тийкарғы мақсети- Қарақалпақстан Республикасындағы ерик, алма ҳәм алмурттың қосылған қун шынжырының ҳәзирги ўақыттағы физикалық ағымы ҳәмде оның қәлиплесиўинде қатнасыўшы мәпдар тәреплер менен таныстырып өтиў болып табылады. Қосылған қун шынжырының ҳәзирги күндеги жағдайына тийкарланған ҳалда, бул қысқаша мағлыўмат ҳүжжети, сондай-ақ, қосылған қун шынжырын қәлиплестириў ҳәмде еледе жетилистириўди қоллап-қуўатлаўда итибарға алыныўы керек болған тосқынлықлар ҳәмде имканиятлар менен таныстырып өтеди.

Бул қысқаша мағлыўматлар қун шынжырының өндирислик басқышында инфраструктуралық бейимлесиў илажларын әмелге асырыўға байланыслы шешим қабыллаў бойынша хабарландырыўдын улыўмалық мақсети менен **«Жасыл қәлпине келтириўге каратылған инвестициялар анализин»** толықтырады.

# Методология

Бул қысқаша мағлыўмат ҳүжжетинде тийкарынан өнимди жетистириў басқышында топланған мағлыўматлардан қосылған қун шынжыры қәлиплесиўинде қатнасыўшы физикалық ағымлар ҳәм субъектлерди анықлаў мақсетинде, қосылған қун шынжыры қәлиплесиўиниң фунционаллык таллаўға тийкарланған аналитикалық методынан пайдаланылды[1].

Усы анализ ушын, 2021-жылда Қарақалпақстан Республикасының 4 районы Бозатаў, Кегейли, Шымбай, ҳәм Қараөзек (Арал теңизи GRIP жойбарының мақсетли аймақлары) районларында дәслепки мағлыўматларды жыйнаў жумыслары алып барылды. Фермерлердиң экономикалық искерлиги бойынша маглыўматларды жыйнаў ушын GGGI тәрепинен ислеп шығылған сораўнама қолланылды. Ҳәммеси болып, 1,277 үлги тосыннан таңлаў жолы менен таңланды, олардың ишинде 887 фермерлер. Усы 887 фермерден 21 фермер мийўе жетистириўге қәнигелестирилген.

Екилемши мағлыўматлар қосылған қун шынжырының таллаўын толықтырыў ушын, ҳәмде қосылған қун шынжырын қәлиплестириў ҳәм еледе жетилистириў мәселесинде итибар бериў керек болған тосқынлықлар ҳәм мүмкиншиликлер дизимин толықтырыў ушын қолланылды.

**ТИЙКАРҒЫ ЖУЎМАҚЛАР**

- Алма, ерик ҳәм алмурттың қосымша кун шынжыры тийкарынан Қарақалпақстан Республикасында кептирилген ериктен тысқары, қосымша қуны шекленген жаңа өнимлерди коммерцияластырыў менен жуўмақланады.
- Фермерлердиң тек 25% өз өнимлерин жергиликли (район) ҳәм миллий дәлдалшыларға сатқанлықларын хаба рлады. Регионда жергиликли, ямаса миллий процессор менен күшли байланыс жоқ.
- Алма, ерик ҳәм алмурт қосымша қун шынжырының раўажланыўы бағшылық өндирисин туўры басқарыў ушын зәрү р болған техникалық ҳәм басқарыў көнликпелериниң жоқлығы, дәлдалшылар ҳәм қайта ислеўшилер менен байл анystың жоқлығы ҳәм маркетинг мүмкиншиликлерине тәсир етпеслиги менен шекленеди.
- Қосыма қун шынжырын жетилистириў мүмкиншиликлери принциплер ҳәм илажлар, атап айтқанда, жақсы аўыл хож алығы әмелиятлары, анық дәрамат алыў менен инвестициялар, талап ҳәм базар тенденцияларын түсиниў, вер тикал ҳәм горизонтал интеграция, исеним, ашықлық ҳәм бақлаў, жақсыланған брендинг ҳәм маркетингқа таянади.
- Хал ықаралық базарда пайдаланбаған мүмкиншиликлер әмелдеги, әсиресе, жаңа ерик ушын (82 миллион АҚШ долл арына баҳаланып атыр) миллий базар мүмкиншиликлери аўыл хожалығын раўажландырыў бойынша Стр атегия ҳәм жобаларда белгиленген мәмлекет тәрепинен қосымша қун шынжырларына тиккелей тәсир көрс ететуғын мақсетли жәрдем себепли жүзеге келиўи мүмкин.

[1] Функционаллық таллаў, қосылған қун шынжыры системасын улыўмалық тәризде баян етеди, бунда қатнасқан тийкарғы субъектлерди ҳәм мәпдар тәреплерди анықлаў менен бир қатарда стратегиялық раўажланыў жолында ушырасатуғын базы бир тийкарғы қыйыншылықларға тоқталып өтеди (EU 2022).

# Қун шынжыры

Өзбекистан ҳүкимети 2015 жылдан баслап бурын пахта егилген жерлерде жаңадан бағлар жаратыўды қоллап қуўатлаў ҳәм бағларды заманагөй жоқары тығызлықтағы бағлар менен жаңартыў ҳәм қайта отырғызыў арқалы мийўе өндирисин кеңейтиўге үлген итибар қаратып атыр (USAID, 2020). Пахта ҳәм бийдай өндирисиниң мийўе өндириси пайдасына үзиликсиз диверсификацияланыўы тек ғана экспорт ҳәм қосылған қун ушын емес, жәнеде суўғарыў ушын суўға болған талапты кемейтиў ушын да әҳмийетли экологиялық мүмкиншилик болып есапланады[2] (ADB, 2016). Соның менен бирге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 08. 11. 2020 жыл 4803-санлы шешими менен Қарақалпақстан Республикасында 2021-2025 жыллар даўамында палыз өнимлери экспорт көлемин жылына 20% өсиўине нәзерде тутылған үлкен ўазыйпалар белгиленген[3].

Қарақалпақстандағы алма, ерик ҳәм алмурттың қун шынжыры жаңа өнимлерди сатыўға шығарыў, дәслепки басқышынан баслап, тарқатыў ҳәм тутыныў басқышына шекем көплеген мәпдар тәреплердиң қатнасыўы менен жуўмақланады. Төмендеги кестеде аймақтағы алма, ерик ҳәм алмурттың қун шынжыры ҳәр бир басқыштың қысқаша түсиниги менен көрсетилген.




---

[2] Бир тонна пахта жетистириў ушын 4,426м³ суў, ал бир тонна алма жетистириў ушын 820м³ суў сарыпланатуғынлығы есап шығылды (ADB, 2016).

[3] "Халықаралық тиклениў ҳәм раўажланыў банки ҳәм Халық аралық раўажланыў қатнасыўында "Өзбекстан Республикасы аўыл хожалығын модернизациялаў" жойбарын әмелге асырыў илажлары туўрысында"

## АЙНАЛЫС ҚАРЖЫЛАР

Өндирис ушын зәрүр болған тийкарғы ресурслар органикалық ҳәм химиялық төгинлер сондай ақ химиялық дәрилерди (пестицидлерди) өз ишине алады. Төгинлер ҳаққында жуўапларды алып қарасақ, органикалық ҳәм химиялық төгинлер арасында анық бир абзаллық жоқ; гейбир фермерлер органикалық хам химиялық төгинлерди қолланғанлығын айтса, ал басқалары усы еки түриниң бирикпесин қолланғанлығын билдирген. Ал пестицидлерге келсек, ҳеш бир фермер органикалық пестицидлерден пайдаланбағанлығын айтып өткен. Ораў материаллары сыяқлы қосымша өндирислик ресурслар ҳаққында сораў өткерилгенде, фермерлердиң 65% «қәжети жоқ», 25% фермерлер өзлеринде бул ресурсларға қол жетерлик бар екенлигин ҳәм ҳәзирги ўақытта қолланып атырғанлығын, ал фермерлердиң тек ғана 10% бул ресурсларға қол жетерлилик жоқлығын айтып өткен.

## ЖЕТИСТИРИЎ

Алма, ерик ҳәм алмурт өнимлериниң тийкарғы өндириўшилери үй шараятындағы қыйтақ жерлер ийелери, фермерлер[4] ҳәм дийханлар[5] болып есапланады. Ең көп жетистирилетуғын мийўе алма, ал оннан кейин алмурт ҳәм ерик болып есапланады. Соңында, усыны айтып өтиў орынлы, себеби мийўе тереклери нәллериниң көгериўи бойынша алма өзиниң күшли шыдамлылығы ҳәм ҳәр түрли топырақ ҳәм климат шараятларына бейимлесиўшеңлиги менен артықмашлыққа ийе. Әдетте алма нәллерин отырғызыўдан баслап биринши мийўе беремен дегенше 4 жылдан 5 жылға шекем ўақыт талап етиледи (UNDP 2016). Бул өнимлер бөлек жерлерде ямаса палыз егинлери, дән өнимлери ҳәм бийи, жүзим сыяқлы басқада мийўелер менен бирге егиледи. Орта есапта, үй шараятындағы қыйтақ жер ийелери ҳәм дийқан хожалықлары тәрепинен жетилистирилетуғын өнимлер өзлериниң жеке тутыныўы ушын, ал фермер өнимлери болса сатыў мақсетинде жетилистириледи.

Аўыл хожалығы өндирисин нәзерде тутсақ, көпшилик фермерлер суў ресурсларының шекленгенлигин мәлим етти. Суўғарыў ушын, фермерлер өндирислик аймақларынан орташа 1 км узақта жайласқан коллектор тармақларынан ҳәм дәрья бойынан суўды жеткериў ушын турақлы насослар ҳәм де киши бензин насослардан пайдаланады. Қосымша әҳмийетли өндирис элементлеринен қанаатланыў менен байланыслы көпшилик фермерлер өнимдарлы жерлердиң бар екенлигин айтып өтти ҳәм сол жерлердиң көрсеткишлеринен[6] (яғный өнимдарлығынан) орташа қанаатланатуғынлығын билдирди. өндирислик үскенелери (мыс. тракторлар) «қәжет емеслигин», жумысшы күшлериниң «қәжет емеслигин» мәлим етти ҳәм олардың көпшилиги суў ресурсларынан тысқары, күнделикли тийкарғы турмыслық қолайлықлардан пайдаланыўға қол жетерлиликтиң жоқлығы бойынша келисимге келди.

**Қосымша 1. Климаттың өзгериўи, дузлы ҳәм шаңлы даўыллар ҳәм инфраструктуралық бейимлесиў шаралары.**

Фермерлерге ушырасып атырған ең әҳмийетли қәўип қәтерлер топырақтың шорланыўы, ҳаўа-райы шараятларының үзликсиз тәризде жаманласыўы ҳәм суў сапасының төменлиги, сондай ақ суўға қол жетерлилик жоқлығын мәлим етти. Ақырғы 3 жыл даўамында фермерлердиң табысы ҳаққында сораў өткерилгенде, фермерлердиң 42% турақлы табыс табатуғынлығын, 38% фермерлер табысы кемейгенин ҳәм тек 19% фермерлер табысының өскенин мәлим етти.

Тамшылатып суўғарыў системасы сыяқлы бейимлесиў илажларын қолланып көрдиңизбе деген сораўға фермерлердиң 85% нен асламы финанслық ҳәм техникалық билимлердиң шекленгенлигине байланыслы қолланып көрмегенлигин мәлим етти.



*1 сүўрет – БМШРД «Өзбекстанның қурғақшылық районларындағы фермер ҳәм дийқан хожалықларының климатлық турақлылығын тәмийнлеў» жойбары көлеминде Бозатаў районында тамшылатып суўғарыў системасына ийе интенсив бағқа тийкар салынды.*

---

4 Арендаға берилген жер орынларынан пайдаланып коммерциялық аўыл хожалық өндирисин әмелге асыратуғын жеке исбилерменлик субъекти.

5 Шаңарақ басшысына өмир бойы мийрас етип қалдырылатуғын қыйтақ жер орынларында шаңарақ

6 Төмен, орташа ҳәм жоқары шкаласы бойынша өнимлиликтен қанаатланыў.

Аймақлық мағлыўматларды жыйнаў тийкарында жергиликли (районлық дәрежеде) ақырғы тутыныўшылар, 75% фермерлер ушын тийкарғы тутыныўшылар болып есапланды. Сәўбетте қатнасқанлардың тек ғана 17% жергиликли (районлық) дәлдәлшылер менен, ал қалған 8% мәмлекетлик дәлдәлшылар менен қарым қатнаста болғанлығын айтып өтти. Жергиликли, районлық ямаса мәмлекетлик қайта ислеўшилер менен өз-ара қарым қатнас ҳаққында мағлыўмат берилмеди. Өзлериниң өнимлерин сатыў барысында ушырасатуғын қыйыншылықлар бойынша, көпшилик фермерлер кыйыншылықлар жоқлығын мәлим етти. Деген менен, өним сапасына байланыслы машқалалар жоқары нырқ қойыў ушын тосқынлық болатуғынлығы нәзерде тутылды.

Сүўрет 1. Қарақалпақстанда жетистирилген алмалар.





Фермерлердиң аўыл хожалық жумысларын жүргизиў ҳәм басқарыў тәжирийбелерин айтатуғын болсақ, тийкарғы техникалық ҳәм басқарыў уқыплары дәслеп шаңарақ ағзалары ҳәм басқа да фермерлерден үйрениў арқалы қәлиплескен. Сәўбетте қатнасқан тек ғана 5% фермерлер техникалық ҳәм басқарыў уқыпларын раўажландырыў ушын рәсмий билим алғанын ҳәм тренинглерге қатнасқанларын мәлим еткен.

Нызам шеңберине сәйкес тәризде дийқаншылық жумысларын алып барыў бойынша 75% фермерлер ҳәкимшилик рухсатнамалар ҳәм процесслер менен қанаатланғанлығын, ал 25% фермерлер қанаатланбағанлығын мәлим етти. Буннан тысқары, олардың көз карасларына көре 85% фермерлер ис билерменлик жумысларын жүргизиў ушын рухсатнамаларды алыў ҳәм шегарадан тысқары саўда қылыў бойынша колайлы бизнес орталықты сезеди.

## ДӘЛДӘЛШЫЛЫҚ ҲӘМ ӨНИМДИ ҚАЙТА ИСЛЕЎ

Дәлдәлшылар ҳәм қайта ислеўшилер қун шынжырына жетерли дәрежеде бириктирилмеген болып есапланады. Тек ғана 25% фермерлер жергиликли ҳәм мәмлекетлик дәлдәлшылар менен қарым қатнаста екенлигин ҳәм қалған фермерлердиң ҳеш бири қайта ислеўшилер менен ислеспейтуғынлығын айтып өтти. Дәлдәлшылық хызметлерге қол жетерлилик бойынша (тасыў, сақлаў ҳәм музлатқышлы транспортта тасыў ҳәм сақлаў), сәўбетте қатнасқанлардың тек 5% бундай хызметлердиң бар екенлигин ҳәм оларға қол жетерли екенлигин айтып өтти, 26% қатнасыўшылар бул хызметлердиң жоқ екенлигин ҳәм оларға қол жетерли емеслигин мәлим етти, ҳәм басқа 69% қатнасыўшылар бул хызметлерге «кәжет жоқ» екенлигин билдирди.

Қайта исленген мийўелер бойынша Қарақалпақстанда еки компания (вертикал рәўиште бириктирилген) жаңа үзилген мийўелерди қақланған мийўелерге шекем (ерик мийўесин қамтып) қайта ислеў менен шуғылланады. (Кесте 1 ге қараң).

## ТАРҚАТЫЎ ҲӘМ ТУТЫНЫЎ

Жаңа үзилген алма, ерик ҳәм алмурт, сондай-ақ, қақланған ериклер Қарақалпақстанда ең көп сатылатуғын ҳәм соңғы тутыныўшыларға тарқатылатуғын өним болып есапланады. Тарқатыў бойынша, усы өнимлердиң алмасыўы жергиликли дәрежеде (район ямаса аўыл) шаңарақлар арасында, районлық күнделикли базарлар, мәҳәлле дүкәнлары ҳәм Корзинка сыяқлы жоқары баҳада усақлап сатыў дүкәнлары арқалы әмелге асырылады.

Базарлардағы ақырғы баҳа өзгерип турады. Мысалы, Қарақалпақстанда 2022 жыл апрель айында жаңа үзилген 1 кг. алма ушын баҳа 6000 сумнан 8000 сум аралығында болды (Agromart 2022). Соның менен бирге, Қарақалпақстанда усы ўақытта 1 кг. қақланған ерик ушын баҳа 25,000 сумнан 30,000 аралығында болды (Agromart 2022).

Кесте 1. Қарақалпақстандағы өним жетилистиретугын, қайта ислейтуғын ҳәм экспорт қылатуғын компаниялар.

| Компания атамасы | Өнимлер | Жыллық өндирис қуўаты |
|---|---|---|
| Полат Гүльнара | Жаңа үзилген ҳәм қақланған мийўелер | Ҳәр бир өним бойынша жылына 100 тоннаға шекем |
| Нукус Агро Импекс | Экспорт ушын таярланған жаңа үзилген ҳәм қақланған мийўелер | Ҳәр бир өним бойынша жылына 500 тоннаға шекем |
| Агро Эксим Голд | Экспорт ушын таярланған жаңа үзилген мийўелер | Ҳәр бир өним бойынша жылына 500 тоннаға шекем |

**Дерек:** (MIFT Karakalpakstan 2021)

# Шеклеӯлер ҳәм Мүмкиншиликлер

## ШЕКЛЕӮЛЕР

Өзбекистандағы мийӯе қун шынжыры анализинен, қун шынжырының жақсы раӯажланыӯы ушын шеклеӯши факторлардың бар екенлиги мәлим болды. Ең баслы шеклеӯлерге жоқары ҳасыл бериӯши нәллерден пайдаланыӯ мүмкиншилигиниң төменлиги, мийӯели бағларда өним жетистириӯдиң заманагөй усыллары ҳаққында мағлыӯматлар жетиспеӯшилиги, жоқары өндирис қәрежетлери және де логистика ҳәм базар инфраструктурасы хызметлериниң раӯажланбағанлығы киреди (UNDP 2016) (ISCAD 2022). Жоқарыда көрсетилген мағлыӯматларға тийкарланып, Қарақалпақстанда мийӯе бағларында өним жетистириӯди туӯры басқарыӯ ушын керек болған техникалық ҳәм басқарыӯ уқыпларының азлығы, дәлдәлшылар менен қарым қатнастың кемлиги ҳәм сапа мәселелери менен байланыслы базар мүмкиншиликлериниң жетиспегенлиги себепли алма, ерик ҳәм алмурт өнимлериниң қун шынжырының раӯажланыӯы шекленген. Қарақалпақстанда анықланған, Өзбекстанда да көзге түскен бул шеклеӯлер, өним сапасының төменлиги, жыйын-теримнен кейинги жоғалтыӯлар ҳәм экспорт мүмкиншиликлерин  жойтыӯ менен байланыслы болып табылады (UNDP 2016).

«Өзбекстандағы 2015 – 2020 жыллардағы аӯыл хожалығында қун шынжыры жумыслары» есабына көре, мәмлекеттиң дерлик барлық жоқары сапалы жаңа үзилген мийӯе өнимлери экспорт базарларына жибериледи, ал жергиликли тутыныӯшылар болса жергиликли базарларда сатылатуғын екинши дәрежели өнимлерден пайдаланады. Тилекке қарсы, жергиликли базарларда баҳалардың ашықлығы жетиспейтуғын бир ӯақытта, бундай шараятта жергиликли супермаркетлер минимал маркетинг ҳәм реклама жумысларын алып барады. Қайта исленген мийӯе өнимлерин (яғный, қақланған мийӯелерди) айтатуғын болсақ, қайта ислеӯ әдетде күнделикли усыллар ҳәм әмелиятлар жәрдеминде әмелге асырылады, ал бул болса ҳәзирги заманагөй тәжирийбелер жәрдеминде өндирилген өнимлерге салыстырғанда сапасыз болып, сапа ҳәм азық-аӯқат қәӯипсизлиги машқалаларын келтирип шығарады (USAID 2020).

Улыӯма алғанда, қун избе-излиги бойынша өним сапасын асырыӯ, нәлди отырғызыӯ, өндириӯ әмелияты, қайта ислеӯ ҳәм логистикадан баслап бренд ҳәм маркетинг ислерин толықтырыӯға шекемги ҳәрекетлер қун шынжырын раӯажландырыӯды қоллап-қуӯатлаӯ ушын болған ис-ҳәрекетлер сыпатында белгиленген (USAID 2020).

Қосымша 2. Мийӯелердиң қун шынжырында ҳаял-қызлардың қатнасыӯы.

Қун шынжырында ҳаял-қызлардың бәнтлиги бойынша, өндирис барысында, жыйын-терим процессинде, жергиликли маркетинг ҳәм сатыӯда олардың сезилерли дәрежеде ҳәм туӯрыдан-туӯры қатнасы бар. Ҳаял-қызлар мәӯсимлик жумысларда, орта ҳәм үлкен коммерциялық фермер хожалықларында ҳәм өзлериниң үй бағларында жүда бәнт болып табылады. Деген менен, оларда өндирис пенен байланыслы дәслепки ресурслар, соның менен бирге финанслық ресурслар, үскенелерден пайдаланыӯ мүмкиншиликлери шекленген, мағлыӯмат ҳәм билим алыӯ мүмкиншиликлери, шешим қабыллаӯ ҳәм басқарыӯ қәбилетлери төмен  (USAID 2019).




Дерек: (USAID 2019)

## МҮМКИНШИЛИКЛЕР

Жоқары сапалы ҳәм жоқары баҳадағы миййелер арқалы ишки тутыныў ҳәм экспортлық бәсекиге шыдам бериўлилигин асырыў мүмкиншиликлерин анықлаў ушын изертлеў өткерген изертлеўшилер FRUITS+ тиң жетекши принциплерин қун шынжырын жақсылаў ушын механизм сыпатында анықлады. Бул принциплер көп изертленген мәмлекетлерде, соның менен бирге Өзбекстанда миййе маркетингинде алдағы тәжирийбелер барлығын билдиреди (USAID 2020).

2 сүўрет. FRUITS+ тиң жетекши принциплери.

- **F** — **Жаңа үзилген ҳәм мазалы** - Бул тийисли аўыл хожалығы әмелиятынан баслап салқын жерде сақлаўға шекемги болған пүткил қун шынжыры процесси даўамында тәмийинленеди
- **R** — **Инвестициялардың қайтарылыўы** - қун шынжыры қатнасыўшылары, анық пайда алған ўақытта, технология, ресурслар ҳәм жаңалаўларға инвестиция киргизеди
- **U** — **Тутыныўшыны түсиниў** - бағытлар ҳәм абзаллықлар қун шынжырының барлық қатнасыўшыларына тутыныўшылардың талапларын қанаатландырыўына жәрдем береди
- **I** — **Интеграциялаў** -вертикал ҳәм горизонтал түрде пайда алыў ушын, бийликти бириктириў, кәсиплестириў ҳәм қун шынжыры даўамында системаластырыў
- **T** — **Исеним, Ашық- айдынлық, Қадағалаў** - тәмийинлеўде, өндириўде, сатып алыўда – тұқым таслағаннан баслап дәстурханға шекем
- **S** — **Саўда орны әҳимийетли орын тутады** - Бул күтилген сапаны, баҳаны, таңлаўды ҳәм тутыныўшы тәжирийбесин билдиреди
- **+** — **+ Пикир қосың**! Брендлеў ҳәм маркетиңг миййеге көринис, жеке байланыс, эмоционаллық тәжирийбе ҳәм өзгешелик береди

Дерек: (USAID, 2020).

Бул принциплерге қосымша, қун шынжырын раўажландырыўды қоллап-қуўатлаў ушын базар бағыты ҳәм сыртқы унамлы факторларды пайдаланыўға болады. Булардың бири, мәмлекет белгилеген 2030 жылға дейинги аўыл-хожалығы стратегиясы арқалы ҳәзирги таярлық ҳәм қоллап-қуўатлаў болып есапланады. Бул стратегия тийкарында аўыл-хожалығын қоллап-қуўатлаў хызметлери ушын инвестиция көлемин кеңейтиў, турақлы ресурсларды басқарыўға өтиўди жеделлестириў ушын хошаметлеў, өним жетистириўде ресурсларды тежеў технологиялары, сондай ақ аўыл-хожалығы жумысларын изертлеў ушын инвестиция көлемин кеңейтиў, базар инфраструктураларын ҳәм фермер хожалықларын модернизациялаў ушын миннетлемени көриўимиз мүмкин (JICA 2019). Буған қосымша, күнделикли базарларға жоқары сапалы миййелер супермаркет тармақлары арқалы тарқатылыўының тез пәт пенен раўажланыўы, жыйын-теримнен кейинги технологияларды ҳәм өндириске инвестиция киритиўди қоллап-қуўатлаўшы базар мүмкиншиликлери бола алады.

Миййелердиң жыйын-териминен кейинги технологияларына келсек, аймақлардағы қол жетерли технологияларға байланыслы инвестициялар, алдыннан суўытыў үскенелерин, сортлаў үскенелерин, ораў үскенелерин ҳәм ораў материалларын өз ишине алады. Жоқары баҳалы қайта исленген миййелер базарларда қымбатырақ баҳаларда сатылыўы мүмкин ҳәм Өзбекстанның ишки саўда ҳәм экспорты ушын миййе өндириўдиң сапасын асырыўы менен бирге тасыўды да аңсатластырыўы мүмкин (USAID 2020).

Халық аралық саўда орайының (ITC 2022) берген мағлыўматларына көре, Өзбекстан 131 миллион АҚШ долларына баҳаланған жаңа үзилген ерик, 25 миллион АҚШ долларына баҳаланған жаңа үзилген алма, 22

миллион АҚШ долларына баҳаланған қақланған ерик ҳәм 3.6 миллион АҚШ долларына баҳаланған қақланған алма экспорт потенциалына ийе, соның менен бирге, жаңа үзилген алмурт ҳәм бийилердиң экспорт потенциалы 1.9 миллион АҚШ долларына баҳаланды (3 сүўретке қараң). Өзбекстанның усы өнимлер бойынша ҳәзирги экспортын есапқа алсақ, 82 миллион АҚШ долларына тең жаңа үзилген ерик, 17 миллион АҚШ долларына тең жаңа үзилген алма, 12 миллион АҚШ долларына тең қақ ерик, 1.4 миллион АҚШ долларына тең қақланған алма ҳәм 1.5 миллион АҚШ долларына тең жаңа үзилген алмурт ҳәм бийи өнимлери бойынша пайдаланылмаған экспорт потенциалы бар.

3 сүўрет. Алма, ерик ҳәм алмурт өнимлери бойынша Өзбекстанның экспорт потенциалы (жаңа үзилген ҳәм қақланған өнимлер) (2022).




***Дерек:*** *(ITC 2022).*

Жуўмақлап айтқанда, мийўелердиң қун шынжырын раўажландырыў ҳәм гендерликке қамтыў бойынша гөзленген үш ҳаял-қызлар топарына арнаўлы итибар қаратыў талап етиледи. Бириншисине бағшылық пенен шуғылланатуғын ҳаял-қызлар топары, буған тек ғана фермер ҳаял-қызлар емес, соның менен бирге өз үйлеринде дийқаншылық пенен шуғылланатуғын ҳаял-қызлар да киреди. Екиншисине өндирис басқышында үзиў, жыйнаў, сортлаў, айырыў ҳәм ораў жумыслары сыяқлы ислерге қәнийгелестирилген ҳаял-қызлар басшылығындағы жыйын-терим ҳәм жыйын-теримнен кейинги жумыслардағы топарлар киреди. Соңғысына аўыл-хожалығы бизнеси ийелери болған ҳаял-қызлар топарына тек әлле қашан шуғылланып киятырған консолидатор бизнес ийелери ҳаял-қызлар топары, экспорт қылыўшылар, ҳәм музлатқышлы қоймаханалар ийелери ғана емес, ал өз аўыл-хожалығы бизнесин баслаў ямаса кеңейтириўди қәлейтуғын ҳәм бул тараў бойынша нәтийжели шуғылланыў ушын керекли мағлыўматлар менен тәжирийбеге ийе болмағанлар да киреди. (USAID 2019).

## References

*ADB. 2016. Republic of Uzbekistan: Horticulture Value Chain. Tashkent: Asian Development Bank.
*Agromart. 2022. AgroMart. April. Accessed 2022. https://agromart.uz/en/prices?region_id=13&category_id.
*EU. 2022. Value Chain Analysis for Development. Public Document, -: European Union.
*GGGI. 2022. Legal & Political Framework Review for the Agriculture Sector in Uzbekistan and Karakalpakstan. Seoul: GGGI
*ISCAD. 2022. Uzbekistan Agri-Food Facts & Trends 2020/2021. Public, Tashkent: International Strategic Center for Agri-Food Development.
*ITC. 2022. Export Potential Map. Accessed 2022. https://exportpotential.intracen.org/en/products/gap-chart?fromMarker=i&exporter=860&toMarker=w&market=w&whatMarker=k.
*J.J. Robalino, et al., (2022) Green Recovery Investment Analysis – Climate-Resilient Agriculture in the Republic of Karakalpakstan, Global Green Growth Institute (GGGI), Seoul, South Korea.
*MIFT Karakalpakstan. 2021. Catalogue of enterprises of producers and exporters of industrial and agricultural products of the Republic of Karakalpakstan. Public, Nukus: Ministry of Investment and Foreign Trade of the Republic of Karakalpakstan.
*MoA. 2020. Invest in the Agri-food sector of Uzbekistan. Tashkent: Main Department of Strategic Development and Investment.
*UNDP. 2016. Uzbek farmers to learn about apple production technologies and practices. April 29. Accessed 2022. https://www.uz.undp.org/content/uzbekistan/en/home/presscenter/pressreleases/2016/04/29/uzbek-farmers-to-learn-about-apple-production-technologies-and-p.html.
*USAID. 2019. Agricultural Value Chains Activity in Uzbekistan - Gender Strategy. Tashkent: USAID.
*USAID. 2020. Agricultural Value Chains Activity in Uzbekistan 2015 - 2020. Tashkent: USAID.

GGGI

The Global Green Growth Institute

19F Jeongdong Building, 21-15, Jeongdong-gil,
Jung-gu, Seoul, Korea 04518

Follow our activities on Facebook, X, LinkedIn, YouTube and Instagram.

www.GGGI.org